

Tès COVID-19 Lakay

Tès COVID-19 lakay la pèmèt ou fè tès COVID-19 la poukont ou epi jwenn rezilta yo apre kèk minit.

Konsèy pou Fè Tès Lakay

- Pran san w pou w li enstriksyon yo epi gade videyo enstriksyon yo **anvan** ou fè tès la.
- Anvan ak apre ou fin fè tès la, lave men ou epi dezenfekte sifas kote w ap fè tès la.
- Li rezilta a nan delè ki ekri nan enstriksyon ki sou kit tès la. Yon rezilta ou li anvan a oswa apre delè yo ba ou a gendwa pa kòrèk.
- Pa resèvi ak kit tès yo ni ak eleman yo. Pa sèvi ak eleman tès ki donmaje oswa ki pèdi koulè.

Entèpretasyon Rezilta Tès yo

- Tès lakay yo gen mwens chans pou yo detekte COVID-19 la si ou fenk enfekte oswa si ou pa gen sentòm. Sa kapab fè yon tès soti negatif, menm si ou genyen COVID-19 la.
- Si rezilta tès ou a **pozitif**:
 - Ou gen plis chans pou w gen COVID-19. Ou pa bezwen fè lòt tès.
 - Rete lakay ou (izole tèt ou) pandan **omwen senk (5) jou konplè** (1^{ye} jou a se jou **apre** sentòm yo fin kòmanse oswa, si pa gen okenn sentòm, se jou **apre** ou fin fè tès COVID-19 ou a). Suiv konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) bay (yo disponib sou bit.ly/cdc-covid-isolation) sou ki lè ou kapab soti nan izòlman an. Mete yon mask lè ou bòkote lòt moun yo epi pran lòt prekosyon pandan 10 jou. Enfòmè kontak pwòch yo pou yo kapab fè tès la. Kontakte pwofesyonèl swen sante ou oswa rele nan 212-268-4319 pou w konnen opsyon tretman yo.
- Si rezilta tès ou a **negatif** epi ou:
 - **Gen sentòm COVID-19 yo**, kontinye izole tèt ou epi fè tès la ankò nan 48 èdtan
 - **Ou pa gen sentòm COVID-19 yo men ou panse ou te ekspozè ak COVID-19 la**, fè tès la ankò nan 48 èdtan. Si dezyèm tès ou a negatif, fè tès la ankò nan 48 èdtan (se fè twa tès antou).
- Lè ou fè plizyè tès, ou pa bezwen sèvi ak menm mak kit tès la.
- Si youn nan tès suivi ou yo pozitif, ou petèt gen COVID-19 la. Kidonk, ou ta dwe izole tèt ou. Si tès ou yo kontinye soti negatif men ou panse ou ka genyen COVID-19 la, kontakte pwofesyonèl swen sante w la oswa fè yon tès molekilè (PCR).

Resous Anplis yo

- Pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w pwoteje tèt ou ak lòt moun yo si ou genyen COVID-19, ale sou nyc.gov/health/coronavirus epi klike sou "**When You Are Sick**" (**Lè Ou Malad**).
- Pou w jwenn enfòmasyon sou tretman COVID-19 la, ale sou [al sou nyc.gov/health/coviddtreatments](https://nyc.gov/health/coviddtreatments). Tretman yo mache pi byen plis ou kòmanse yo pi bonè, kidonk kontakte pwofesyonèl swen ou tousuit si ou teste pozitif.
- Pou w jwenn enfòmasyon sou konje maladi si ou menm oswa pitit ou a gen COVID-19, ale sou paidfamilyleave.ny.gov/covid19.

- Pou w jwenn yon sit tè COVID-19, kèk ladan yo gratis, ale sou nyc.gov/covidtest. Pou w jwenn kote pou jwenn kit tè lakay gratis, ale sou nyc.gov/coronavirus epi klike sou "**Get Tested**" (Fè Tès).
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou tè COVID-19 la, tankou lyen ki mennen nan videyo ki montre fason pou fè tè yo lakay ou, ale sou nyc.gov/health/testingtips oswa eskane kòd QR la.



Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

10.7.22 Haitian Creole